


# NGIR LAN

## JÀNGALE

# OLOKOST BI ?

Génne ci atum 2013 bu Mbootaayu Réew yi jëm ci  Njàngale mi Xam-xam bi ak Aada ji
Màkkaanam ne 7, place de Fontenoy, 75352 Paris 07 SP, France

Téere sii, Wàllu njàngaley UNESCO, Pari moo ko defar.

Stephen Feinberg, di xelalkat ci njàngale, yelloo na ñu fésal gëddaam ci li mu ëpple ci li mu indi ci téere  bii.

Beral nañu ay ngërëm yu am solo nattkati bitim-réew: Richard Freedman (Campeefu Afrig bëg-Siin bu Olokost ak Raafal-Xeet), Karen Polak (Këru Anne Frank) ak Paul Salmons (Campeefu Njàngale, Iniwersiteb Londres), ñi indii ay seetlu yu baax ci nasu téere si.
Ki génne téere si di Karel Fracapane, UNESCO.

©UNESCO 2013
Di jagoo bépp moomeel

Fotoy kaw téere si:

Ay waliis yu ñu nangoo ci ay nit ñu ñu sànki ca Auschwitz-Birkenau
© Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau/PawelSawicki

Wonaley portaley njaboot ca Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau
© Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau/PawelSawicki

Anny Horowitz, ñu sànki ko Auschwitz jële ko Farãs bésu 11 sàttumbar 1942, ci bi mu amee 9 at.
© Fàttalikuwaayu Sowa/CDJC/Kol. Klarsfeld

Yebbikaay ak bunt bu mag bi ñu tudde “Buntu Dee gi”
© Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau
© Tim Gulick

Ci xalaat ak móolu UNESCO
Ñu móole ko ci Farãs
ED-2014/WS


# NGIR LAN
## JÀNGALE
# OLOKOST BI ?


| | |
|---|---|
| Ay raafal-xeet ci benn xarnu | 4 |
| Olokost bi, jenn jamanoy cosaan ju dogalu | 7 |
| Raafal-xeet yi du lu ñu mënul a wottu | 8 |
| Bokk-réew yi niki Réew yi am nañu ay wareefi tegoo | 9 |
| Ñàkk cee wax dafay jàpple nooteel gi | 11 |
| Ñaaw njort yeek mbañe xeet gi am nañu ay reeni cëslaay | 12 |
| Dooley xam-xami xarala yu bees yi | 14 |
| Njàngalem Olokost bi ak yi mu mën a sawarloo jàngalekat bi | 15 |
| Ay bennati mbir ci jàngale Olokost beek yeneeni raafal-xeet | 18 |

# NGIR LAN ÑUY JANGALE OLOKOST BI ?

« Xabaaru boobu raafal-xeet ñu amal ci biir Ñaareelu Xarey àddina sépp, soxalul jamonoy démb rekk. Xabaar la buy dund, bu nu soxal nun ñépp, ak nu nu mën a wuutee ci sunu cosaan, aada mbaa diine. Gannaaw Olokost bi, yeneeni raafal-xeet am nañu fi, ci ay dénd yu bare. Ndax dinanu ci mën a mujje jàngate dara ? »

Irina Bokova
Njiit mu magu UNESCO
27 saŋwiye 2012



© AFS / Cris Toala Olivares

UNESCO, gannaaw njeexte Ñaareelu Xarey àddina sépp la ko réew yi faroon ci xeex Almaañu nasi sose. Gisinu bañe xeet wi doon wu nguuru almaa ca jamono jooja, dafa daan nangu mbaa sax di xiirtale ci ay jëf yu, ba booba, mësuñu leen woon a def ci cosaanu nit ñi. Mësuloon mukk, am ca la weesu, ay miniteer yu lalal ñu dul xarekat ay jëf yu doon wone ñàkkal solo bakkanu nit bu day noonu. Mukk ca la weesu am Réew mësul mataloo ittey jeexal tàkk ay mboolooy nit yu ñu ne yelloowuñu dund. Ci biir mbir moomu lañuy fekk campug Olokost bi (mbaa Sowa), maanaam njéemug Almaañu nasi ak farandoom ya ci rey Yawut yépp yi mu mënoon jot, góor, jigéen, xale, defe ko ci tëralinu faagaagal wu tollale dénd bi, te di lu mësul am ak anamu matale boobu.

# LAN MOO DI OLOKOST BI ?

Olokost mooy baat bi ñuy tudde sonal ak faagaagal bu mat ak ci caytu nguur, ci ndigalu Nguur gi, yu ay juróom-benni milyoŋi Yawut ci dogalu nguuru nasi ak ay jàppalekat ya. Baat boobu soqikoo ci làkku gereg, mi ngi tekki «saraxe ci safara». Nasi ya jëloon nguur ga ca saŋwiye 1933 ca Almaañ, dañu yaataloon gisunu wuutale xeet wu gise woon Almã yi ni teewalkati « xeet wu kawe », ak teg Yawut yi ay mbindeef « yu suufe» yu doon doxandéem yuy tëkku li ñu naan «mbooloom xeetu almaa».

Ci diiru Olokost bi, nazi yi jógaloon nañu itam yeneeni mbooloo yu ñu jàppe woon na ñu seen «xeet suufe»: Rom yi (Tzigaan), way-laago yi ak yenn waasoy slaaw (Polone yi, Rüus yi…). Yeneeni xosi nit, naka komünist yi, sosyalist yi, Temweŋ de Jewowa yi ak góor-jigéen yi, sonal nañu leen ci yu sababoo politig, gis-gis mbaa doxalinu mbooloo.

Mïiseb Fàttali Olokostu Etaa-züni, Washington D.C. Etaa-süniy Amerig.

Olokost mooy turu ay juróom-benni milyoŋi Yawut yu nazi yeek seen jàppalekat def. Ca diggante duggam ca Üñõ sowyetig (nawetu 1941) et jeexte geer ba ca Ërob (me 1945), Almaañ nasi baak farandoom ya aajowoo woon nañu faagaagal Yawut yépp yi woon ci seen noteel. Ni boddi Yawut yi tàmbalee woon ak jëlu nguur gi Hitler, ñu bare ci xamkati cosaan yi dañu jàpp ni lël (dat) boobumooy màndargaal ndoorteel Olokost bi. Du Yawut yi rekk ñoo loru woon ci nguuru Hitler ga, waaye ñoo doon menn mbooloo mi nasi yi ittewoo woon faagaagal ba ñu jeex.

Yad Vashem, Jerüzalem (Beytil Muxaddas), Israayel.

Sasu UNESCO mooy bokk ci tabaxu jàmm ji, fanqu ndóol gi, yokkute bu sax ak waxtaan diggante aada yi bu jaare ci njàngale mi, xam-xam yi, aada ji, jokkalante bi ak xamle bi. UNESCO dafa jàpp ni am na solo lool ñu xam xabaaru Olokost bi ngir ñu gën a xam sababi daanu Ërob ci raafal-xeet bi, ak itam li di yaatal, ca gannaaw ga, sàrtu mbooleem réewi àddina yeek campeef yi saxoo fàggu ak daan ñaawtef raafal-xeet. Dafa jàpp itam ne, ci biir njàngale moomu, dendale bu ñu xóotal ak yeneeni anami metitalu mbooloo mën na bokk ci fàggu ëllëg ay raafal-xeet ak ay metital.

Màkkaanu UNESCO, Pari
© UNESCO/Michel Ravassard



# AY RAAFAL-XEET CI BENN XARNUB

Dr Raphaël Lemkin,
ki sos baaatu «senosid» (raafal xeet)
© UN Photo



Ak fu ñu mën a féete ci àddina si, mbootaayi nit ñépp mës naños jógal, ci jenn jamonoom jeneen, faagaagal ñeneeni nit. Waaye, ni kàttanu ngànnaayi yàqukaay yi yokkoo ànd ak dooley gisin yi, la limu ñi ci dee te duñu ay xarekat, ànd ak itam taraayu metital bi. Coxorte xare ak reyi mbooloo yi solo raafal xeet te di màndargaal ndoorte 20eelu xarnu bi, ñu ngi këmmal ci biir Ñaareelu xare àddina sépp bi. Noonu, Almaañu nasi ba dafa defaale itam ak raafal xeetu Yawut yi raafal xeetu Rom yi (di ñaawtef bu ñuy tudde yenn saa yi Porajmos, maanaam "suuxal", mbaa Samudaripen, "rey lépp"), faagaagal Polone yi, ak itam tëralinu faagaagalu mbooloo way-laago yi. Moo jëfe faagaagalu lu ëpp ñetti milyoŋi xarekati rïis yu ñu jàppoon, deewu ñu dul jeex ñu dul xarekat ci béréb yi ñu not, ak mbóomu ay fukkiy junney ñeneen ci ay fitnaali ay nooni politig, ay góor-jigéen ak i Temweŋ de jewowaa. Songu soloy nit yooyu dafa taroon a tar ba benn xamkatu àttey yawutu Poloñ, Raphaël Lemkin, sos baat bu bees ngir taal ko: ñaawtef "senosid".

Ñaareelu dogu Mànkoo Mbootaayu Xeet yi ngir fàggu ak daan ñaawtef raafal-xeet bu 1948, déggees na raafaal xeet benn ci bu mu doon ci jëf yii, ñu def ko ci bëgg a yàq lenn mbaa lépp ci am mbooloo réew, waaso, xeet mbaa diine, naka:

(a) bóomu way bokku mbooloo;

(b) lor bu metti jëmm mbaa xelu ay way bokki mbooloo;

(c) téyey teyeefu mbooloo mi ci ay anami dund yuy war neenalu lépp mbaa lenn ci jëmmam;

(d) ay matukaay ju soloo dog njur yi ci biir mbooloo mi;

(e) ga ci toxal ay xaley mbooloo mi ci meneen mbooloo.

Lemkin dafa tëgge baatu « senosid » ci boole reen bi di 'sono', bu baatu gereg biy tudd xeet mbaa waaso, ak jeextalu baatu lateŋ '-sid', bi tekki mbóom gi.


Waaye, ak sax li réew yi am ndam yu 1945 yi saxoo dakkal ñaawteefu yu mel noonu te ñu amal ab déggoo ñépp bu soloo fàggu jëfi raafal xeet ëllëg (Mànkoo Mbootaayu Xeet yi ngir fàggu ak daan bàkkaaru raafal xeet, 1948), yeneeni metital yu ni mel am nañu ci béréb yu barey àddina si gannaaw njeextee Ñaareelu Xarey àddina sa ba tey. Ak baamtu ñaawteefi niteefadi yooyu, ay gaayi politig, ay gëstukat ak ay mbokk-réewi àddina sépp sukkandiku nañu ci xabaar ak «njàngati» Olokost bi ngir jéem a leeral naka la nit ñi defati ba bañ a mën a antul seeni jéem a fàggu raafal xeet bi. Lan la nu gëstu ci Olokost bi ak yeneeni ñaawteefi nasi ya mën a jàngal ci fàggu raafal xeet yi ak metital yu jéggi dayo yi ?



Bàmmeelu mbooloo ca Rwandaa
© Santàr IRIBA/Danièle Lacourse

**Lan la nu gëstoo ci Olokost bi ak yeneeni ñaawteefi nasi ya mën a jàngal ci fàggu**

raafal-xeet yi ak metital yu jéggi dayo yi ?


PRÉFECTURE D'INDRE-&-LOIRE

JUIVE

Carte d'identité

Signature du titulaire :

Anny Horowitz

Empreinte digitale :

Nom : HOROWITZ

Prénoms : Anny- Yolande

Profession : sans

Né le 12 Juin 1933

à STRASBOURG

Département du Bas Rhin

Domicile : 21, rue Rode - BORDEAUX (Gironde)

A TOURS , le 4 Décembre 1940

Le Préfet,

Signalement :

Taille :

Cheveux : blond

Moustache :

Yeux : bleus

Signes particuliers :

Nez : rec.

Forme générale du visage : all.

Teint : rosé

Corp. : moy.

Anny Horowitz, ñu sànki ko Auschwitz  jële ko Farãs bésu 11 sàttumbar, ci 9eelu atam.

© Fàttalikuwaayu ¨sowa bi/CDJC

Nemmeeku xabaar boobu mën na yee nit ñi ëpp ci anam yi àttan a indi ay raafal xeet ci àddina tey ji, te dina mënloo leeral soloy yelleefi ñu nekk ak soloy ñépp.

# DUPPAL, HUUNDE TESKINDE E TAARIK

Jannginde e janngude taarik Duppal ruttinta ko to naamne adunayaŋkooje keeqe jiitiniiqe e nder gollal INESKO ngam ¥ellitde jam e paamondiral hakkunde yimve. Duppal ko haa¥torde maantiniinde e taarik aduna nde. E wi'de taarikayaŋkoove, Duppal ngal engal nanndi sifaaji e warle¥¥i goqqi (yeru, dental maa dente keewqe peccanee leepte e fitinaaji pakitqi fa'de e mumen, kaqee sarqiiji nguurndam mo¥¥am. Kono kadi engol feññini sifaaji keeriiqi  qi ngalaa nanndo . Ndeke noon, almaañnaave nasi njogginoo ko anniya warde yahuudu en fof, tawa alaa keddiiqo, e nder leyqeele gonnooqe e les njiimaandi mavve. Kadi, warngo leñol yahuudu ta¥ananooka hay happu gooto. So wonii warle¥¥i goqqi qi e fitinaaji goqqi qi saabinoo qumen ko dañal maa politik, maa militeereyaagal, kono kam boomgol yahuudu'en tuugnaaki e qiin dalillaaji. Oo politik darniraaqo lañcugol tuugnii ko e miijannde le¥¥i-le¥¥iyaŋkoore nanngunde wonde ko « leñol woni doole tabitinoore, hebloore nguurndam dowlaaji. Qemngal e pinal e aada e diine e finaa-tawaa, gonal, kono kadi sariyaaji, sifaaji laamu e ngalu, kala ko fa'ti e nguurndam. Qee geqe fof ko leñol tabitinta qumen.» (Der Reichsführer SS/SS Hauptamt, Rassenpolitik, Berleŋ, 1943). Wonannde miijiyaŋkoove nasi, le¥¥i potaanoo , ina woodnoo le¥¥i dowrowi, goqqi qii ko «mborosaaji». Ko qum wonnoo daliilu mavve to senngo lañcugol. Quum ko huunde nde meeqaani wonde e aduna hee. Qeen miijanqe luutndii  boom ko haqiqaaji qi INESKO, gila ina sosee, fellitani ¥ellitgol. Qiin ngoni: potal e nehtanagol sariya tawa faltaaka leñol e ngonka e diine maa qemngal. Iirtugol taarik ina waawi waajaade yimve ko fa'ti e ngonkaaji doondiiqi warle¥¥i e nder oo aduna jooni, equm addana peeñgol nafoore hakke kala aadee  e nafoore vure winndere.

« Ñuy dunde moo xam ca **Diggu Afrig, ca Siin, ca** Goxu Pasifig **Bëj-Siin mbaa ca Swiis, dañu war a xam lu aay li raafal-xeet** doon. Ci noonu **nag, njàngalem Olokost bi tekkiwul** leneen lu dul **ñu sorale nu mu gën a mën a ame nit ñi ci xos bu jéggi dayo faagaagal** boobule. »

Yehuda Bauer, Xamkatu Cosaan, UNESCO, 31 saŋwiye 2012

# RAAFAL-XEET YI DUÑU LU ÑU MËNUL A MOYTU

Jëyya yi sababoo ci nit ñi duñu ay yu tandu ci cosaan li te mën nañu leen moytu.

Su ay raafal xeet amee, dafa fekk ay nit ak ay nguur jël ay dogal yuy saxal ay boddeenteek ay fitnaal. Settantalu tànni politig yooyu dafay mënloo njàngaan yi ñu am ay jàngat yu baax ci doxinu cosaan li. Ci misaal, bu ñu gisee lu tax nguuri Ërob naka yu Amerig yi wàññi seen nduggu réew ca saa tembe soosu fitnaal Yawut ya gënee ëpp, njàngaan yi dañuy gis ne ay dogali politig yu ñu jël ci nekkin woowu àttan nañu am ay jeexital yu aay a aay. Bu ñuy jàngi ca gannaaw ga yenneeni misaali raafal-xeet ak i njekkaral nit, dinañu xam ne jéyya yu sababoo ci nit duñu ay mbir yu tandu ci cosaan te mën nañu leen moytu. Bu ñu jàngee bu baax Olokost bi, dinañu gën a mokkal li di lëj-lëjam te dinañu gis ne xew-xewi cosaan li amuñu leeral bu yomb, wànte dañu doon jeexitalu ay mbir yu bare ci yu cosaan, koom-koom, diine ak politig. Bu ñu xamee loolu, dañuy gis ne fàggu raafal-xeet yi ak metital yu jéggi dayo yi mën na doore ci takku màndarga yi ñu leen di séntoo.

© Mémorial de la Shoah/CDJC





Ay sóor ca Sàntaru « yeggale rey »
bu Hadamar, Almaañ
© Fàttalikuwaayu Sowa bi/CDJC

## MBOKK-RÉEW YI NAKA RÉEW YI AM NAÑU LU ÑU TEGOO

Gëstu xabaaru Olokost bi dafay yóbbu njàngaan yi ci xalaate yi di tegoo politigi Réew yi naka nit ñu nekk, ak ci settantal doxinu mbiri saytu nguur yi. Olokost bi dafa doonoon sémbu nguur bu ñu waral lennam ci yoon. Gëstoom dafay indi bu leer mbiru jëfandikoo ak ëppalu mën-mënu politig ci ay jëmuy metital cim réew, ak, ca muj ga, ci mbooloo réew yi. Ci misaal, bu ñu xamee taxawaayu ay kuréeli nguur ak yu wuutu nguur.



Ay soldaari almaa yuy seetaan
reyu benn yawut bu benn way-bokku Einsatzgruppen yi,
Vennitza, Ükreen, sulet 1941.
© Yad Vashem

naka bennati wuutu miniteer yi doon yu S.A. ak nasi ya, ci seen soxore dëkkaani yawut ya ak ca gannaaw ga, ci seen faagaagal daanaka, du rekk ci Almaañ waaye itam ci li ëpp ci Ërob, dina mënloo xam taxawaay ak tegoo Nguur gi, ñu nekk ñi ak mbooleem nit ñi ci ay jalgati yuy yokkuy ci yelleefi nit. Seetlu jëfi ay doktoor ak ay sóori almaa ci céqu tëralinu « jekkali rey » bu Almaañu nasi ya (ñu tudde ko « Definu T4 »), bi di mujje ci mbóom, ci juróom-benni at, lu ëpp 200 000 ñu góor, jigéen, ak xale yu làggee yaram mbaa xel, benn misaal la ci. Ci lu deme noonu itam, bokku soldaari arme bennu almaa ci jeexal, ca Ërobu Penku, lu ëpp benn milyoŋu Yawut ci céqu yi di jógali 'Einsatzgruppen' yi (komandoo yuy yëngoo ci reye), dafay indi ci seetaat doxinu nit, toppandoo ak dooley gisin yi, maanaam ci sababi yiyindi am mbooloo ci faral sémbu nguur buy jalgati yoonu réew yi. Jàngale Olokost bi mën na dimbali ndaw ñi ci xam ay xalaat yu takku yu leen di amali njeriñ ci gëstu yeneeni anami metital yu jéggi dayo. Bu ñu gëstoo xabari yeneeni jalgati yu réy ci ay yelleefi nit, njàngaan yi dinañu mëna wéeru ci seen xam-xamu Olokost bi te xame noonu seen tegooy bopp naka ñu dee ay mbokk-réewi àddina ji.

**Gëstu Olokost bi dafay indi bu leer mbiru jëfandikoo ak ëppalu mën-mënu** politig ci ay jëmuy metital **cim réew ak, ca muj ga, ci mbooloo réew yi.**

# ÑÀKK WAX DAFAY JAPPALE NOOTEEL GI

Bañ a def dara bu amee kenn ku waa nguur gi not bu metti, loolu dafa bokk ci lu mel na faral boo xam ni, ci anamu Olokost bi, amoon na jeexitalu nekkal jëfi farandoo yi na lu nit ñi gën a nangu. Ci nu ñu jot a firndeele ni ci Ërob, ñi ci ëpp yëkkatiwuñu kàddu ci bañ coxorey nguuru nazi ya, benn gëstu ci ay nit mbaa ay mbooloo ñu jëfe dëgg safaanu nguur googu, wone na bu leer mën-mënu ay jógal ngir aar yelleefi keneen. Misaal mi ciy gën a leeral mooy mu ay junniy ñu dul ay Yawut ñu mënoon ñàkk seen bakkan ci diiru Olokost bi ngir muccaloon ci rey bi ay Yawut yu ñu nëbb, wutal ay kayiti royaal, dimbali leen ci daw mbaa wallu xale yi. Nit ñooñu muccalon mbaa ñu dimbali ay Yawut, dañu ko defe ci njàmbaar ak yërmande, ci faaleedi yu aay lool, te, fekk dëkkaan yi des ne yàcc,ñu bañ toog rekk bu ñuy fitnaal seen yenn nawle yi.



Taxawalkatu Japoŋ ca Kovno, Siume Sempo Sugihara, joxe na lu ëpp 2000 wiisaa yu tax ay daw-làqu Yawut mën a jóge Ërob ba.
© Yad Vashem

Ci beneen wet, mën-mënu jëf ju deme noonu dafay feeñ bu baax su ñu seetee jógali njiiti diine yi ci tëralinu jekkali rey « Definu T4 » bi jëmoom doon neenal way-laagoy Réew ma. Naka noonu itam la ñu fése jógali ay jigéeni alma yu duloon yawut yu, ci febarye 1943, wonewu ca mbeddu Rosen ba ci li ñu jàppoon seeni jëkkari yawut. Ñu def ay dajaloo yu bare ba ñu bàyyi seeni jëkkar ya ci mars 1943. Misaal yooyu wone nañu ni ay jëfi defare yu takku yu ay ñenn mbaa mbooloo mën nañu yenn saa yi jeñtal lu baax nguuri nooteel yuy xañ mbokk-réew yi seeni yelleef yu lalu yi.

Bañ a def dara bu amee kenn ku waa nguur gi not bu metti, loolu dafa bokk ci lu mel na faral boo xam ni, ci anamu Olokost bi, amoon na jeexitalu nekkal jëfi farandoo yi na lu nit ñi gën a nangu.




Di yu xooju ci xeex diiney yawut bu jëkk ba, ñaawe njort Yawut yi mbaa mbañum Yawut yi, maanaam noonoo yawut bi, dañu soloo ay demewin yu bees ci jamonoy tey ji.

© Fàttaliku waayu Sowa bi/CDJC

## NOONOO YAWUT BI

Li nasi ya song Yawut yi te ñu teg ko cib xalaatu bañe xeet, du jëf ji jëkku mbañu xeet woowu. Di yu xooju ci xeex diiney yawut bu jëkk ba, ñaawe njort Yawut yi mbaa mbañum Yawut yi, maanaam noonoo yawut bi, dañu soloo ay demewin yu bees ci jamonoy tey ji: ay demewini politig, ànd ak ni Yawut yi doon jote yemale yelleef yi, ak ay demewini bañe xeet ca ñu feeñalee 19eelu xarnu ba ay xalaati mbane xeet yu dul yu xam-xam dëgg. Mbirum cosaan mu gudd moomoo ngi këmmal ak Olokost bi. Waaye mbañum Yawut yi dafa wéy gannaaw raafal-xeet bi nasi yi def, te dafa di ba ci tey jii rëq-rëq bu réy, muy feeñe moo xam naka xiirtal ci mbañ mi ak metital bi, mbaa naka weddi walla soppi xabaaru Olokost bi.



Birkenau, Poloñ.
Ab càmbaar ca kee ba,
7 me 1944
©Moomeelu ñépp

« Su dee ni xayadi dafa làmbu ci sunu xayte, njéemu njàngalee ngi doon ci leeral mën-mënu xayadeem. »

Georges Bensousan, Auschwitz ci ndono? Junne ak benn Guddi, Pari, 2003

# MËN-MËNU XARALA YU BEES YI

Benn gëstu Olokost bi wone na ni defkati metital yu ëpp yi xarala yi gën a baax ci yi jàppandi lañuy jëfanddikoo ngir li ñu bëgg. Ay enseñeer ak i arsitekt yu mën, yu daan faral a liggéeyal ay sosyete yu siiw te ñu weg leen, ñoo xalaat te defar néegi gaas yi ñu sasoon faagaagal ay milyoŋi nit ci sàntari isini reye nasi ya. Jëfey raafal-xeetu yawut bu nasi ya dafay feeñal sëppalu doxalinu xalaat bu xaralawe ak beese bu ñu jàddal ci neenal ay nit.

Ci lu gën a yaatu, defi raafal-xeeti 20eelu xarnu bi, ay Réew ñoo leen amal, ay boroom biro tëral leen, ay wàll yu wuute ci nit ñi yombal leen, te ñi leen def di ay mboolooy miniteer yu daan jëfandikoo, ci seen politigu njekkar boobu, pexe yi gënoon a aay yi ñu amoon. Ci raafal-xeetu Tutsi ca Rwandaa, nekkin woowu rawati na woon gën a fése ci jëfandikoo rajo ba ci tas xabaaru xamley bañe xeet ak dimbali reykat ya ci ràññee seeni way-loru ya. Gën a xamloo njàngaan yi kàttanu xarala bi ak mëninu jëfandikoom, wenn yoon la wu ñuy dugge ci jafe-jafey léégi yi ci jalgati yelleef yu lalu yi. Lu am solo la ak soppite yu réy yi am ci xarala yi ci at yu mujj yii.




Kaŋu dajale ak faagaagalu nasi bu Auschwitz-Birkenau bi bind nañu ko ci ndonoy àddinay UNESCO ci 1979
© Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau

# NJÀNGLEM OLOKOST BI AK LI MU MËN A INDIL JÀNGLEKAT YI

Sasu UNESCO moo di jëmale kanam jàmm ji ci njàngale. Ci nii nag, njàngalem Olokost bi may na jàngalekat yi ay mën-mëni jàngale yu yaatu ak bare. Olokost bi dafa di benn saa ci cosaan bu ñu ame ay xabaar yu baree bare; dafay ubbil itam jàngalekat yi ay yoon yu bare ci defar ay jànge yuy sose tey njaxlafal. Barewaayu yooyu jëlekaay yu benne te yomb a jot (xamukaay, foto, kàrt, fàttalikukaay, añs.), bokk ci amal kéewnga njàngale lu waawu, dina dimbali ci faj soxlay njàngaan yi.




© Sémbu Aladin

## Ñi di seedey xabaar bi

Seedey ñi ci mucc mbaayu seedey jamono jooju mën nañu indi lu bare ci xam xabaar bi. Ni mu ame ay ñu rëcc ci Olokost bi ci ay béréb yu bare ci àddina si, mën na amal solo njàngaan yi ñu dajeek ñoom mbaa ñu xam seen seede ci pexey benn xamukaayu dégg-gis. Ci déglu ay nettali ñenn nit ñi njàngan yi dinañu ci gise lu réy a réy ci ay yu ñooñu dunde ci xabaar boobu, di yu ñu mën a lëkkaleek li mu tolloo ci mbooloo mi. Dinañu jànkoonteel rawatina noonu ak dundunit lu jiitu raafal-xeet bi, loolu di leen mënloo génne anami aada yeek yu cosaani seen dund te di yemal li ñu leen àttan a gis rekk naka ay way-loru.

## Ay njàngalin yuy sos te am maanaa

AAk sax la mbir mi mën a ragalloo ndax nekkinu xew-xewu raafal-xeet ci boppam, gis nañu ni mën nañu jàngale bu baax Olokost bi ci kéewngay aada yu bare. Njàngalin mi ñuy jëfe ci kalaas bi dafay am solo su réy ci li njàngaan yi di ci jële. Kon am na solo lool jàngalekat yi tànn ay defini njàngale yu maanaawu. Jàngale ci kalaas xabaaru Olokost bi, bu raafal-xeet yi ak metital yu ëpp yi, dafa laaj am ay xam-xami cosaan yu xóot yu jàngalekat bi, ak yëg-yëg bu benne ci léjaayu mbir mi. Yarkat yi dañu war a tànn bu baax a baax ay pexey mbind mbaa gise, ngir ñu yem ak mënini xamu seen njàngaan yi te mënloo nettali bu dëggu te du sofental xabaaru Olokost bi.

## Ay doxalin yuy boole ay fànnay xam-xam

Ay jàngalekat yu bare jàpp nañu ni am na njeriñ lool lool ñu tànn njàngalin wuy boole ay xam-xam ci xabaar bi. Su ñu jëfandikoo te di boole ay xamukaayi cosaan, yu mbindi téerey ladab, yu rafetal ak yu misig yu gëmu, dañuy jox njàngaan yi pexey jëfandikoo ab xam-xam bu ñu ame ci benn nekkin, mu doonal leen lalu ay xam-xam yu jëfoo ci yeneeni kéewnga. Ci misaal, su dee dañu gëstu Auschwitz ci njàngale cosaan, njàngaan yi jàng nettaliyi nekk ci Lilit ak yeneeni nettali bu Primo Levi, dinañu leen mën a féetale ci nekkin wuy gën a wunde.



Kaye bi jëkk ci Surnaalu Anne Frank.
Bind nañu Surnaalu Anne Frank bi
ci 2009 ci Téerey Fàttalikukaayu
Addina si bu UNESCO.
© AFF Bâle, CH/AFS Amsterdam, Nl.

## Gëstub dendale raafaal-xeet yi

Njàngale Olokost bi mën na doon ndoorte lu baax ngir gëstu cosaanu raafal-xeet yeek njekkare nit ñi. Dendale bu leer ci Olokost bi ak ay yeneeni anami metitali mbooloo mën na dimbali njàngaan yi ci ràññale melokaan yu magi anami raafal-xeet yi.



© Màkkaanu xamal bu Kambodj/Kalyanee Mam

Dinay yombal xam yi benne ak wuute ci anam yu bare yi ñu gëstu. Waaye, su amee njeriñ bu baax ci njàngalin mi ñuy dendale gëstuy raafal-xeet yi, am na solo bu baax itam ñu bañ a dendale metit yi ak di gëstu xew-xew bu ci nekk ak cosaanu boppam. Bu ñu dee sumb gëstu Olokost bi, jàngalekat yi dañu wara ittewoo politigi neenal yu barey Almaañu nasi ya ak farandoom ya. Bu ñuy dugg ci yeneeni raafal-xeet, dañu war a seetlu politig yi soxal bu ci nekk.



Wonaley portaley njaboot caMiiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau
© Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau/ Pawel Sawicki

Dendale demin yi mooy costalu gëstuy dendaley raafal-xeet yi. Wànte kenn mënul wax ne metiti way-loruy Olokost bi ñoo gën a réy, mbaa yées, yu way-loruy yeneeni raafal-xeet, te mënuñu tegtal benn tegaloo ci raafal-xeet yi. Benn anam bu ci nekk ci metital bu ëpp, bokk ci Olokost bi, dañu ko war a xam ak ay nekkin yu benneem, te fi muy yem kenn mënu ko wàññi, sofental mbaa weddi benn yoon.

Njàngu
xabaaru Olokost bi dafay
delloo ci ay jëmu yoo xam ni,
ci li ci gën a lalu, ñooy yu UNESCO.
Anam yi di yu boddeente, wàññent
ak weddi yelleef yu lalu yu wormay
yenn mbooloo yi, àttan nañu gën a
aayba yegg ci ay jalgati yu fési yelleefi
nit, ak sax, ci yenn nekkin yi, ci ay
metital yu ëpp su ñu teelewul bu
doy jël ay matukaayi fàggu. Liggéeyu
njàngale mi mënul a ñàkk ngir gën a
mën xamloo sabab yeek màndarga
yu jëkki raafal-xeet ak metittal mbooloo,
ak noonu, dooleel, ci lu yàgg, jëfi fàggu yi.

# MBIRI XAMUKAAY CI NJÀNGALEM OLOKOST BI AK YENEENI RAAFAL-XET

Ak ay waa réew yépp yi UNESCO di waxal, am-ami elektronikyi ñu mën a jot ci àddina sépp, doon nañu ay jëlekaayi xamal yu jàppandi te yomb ngir dugg ci xabaaru Olokost bi, raafal-xeet yi ak metitali mbooloo yi. Waaye am na nag solobu baax ñu teg liggéey bi ci ay xabaar yu leer te wér ci seen cosaan.Kër yii topp dañuy joxe ay ëmbin yu baax lool ci ay làkk yu bare.

**www.unesco.org/new/en/education/themes/leading-the-international-agenda/human-rights-education/holocaust-remembrance**
Këru Webu UNESCO doorukaay bu baax la ngir dugge njàngale ci Olokost ak yelleefi nit. Céqu doxalin réew yépp la doon ngir leeral takkoo ay njàngalem Olokost bi, raafal xeet yi ak yelleefi nit.

**www.un.org/en/holocaustremembrance**
Dinañu am ci këru Web bii ay xamal yu leer ci tëralinu xamle « Olokost bi ak Mbootaayu Xeet yi ». Maye nañu ci itam ay jëfukaayi njàngale ak ay mënini gën baaxal liggéey.

**http://www.un.org/en/preventgenocide/adviser/index.shtml**
Këru Biro bu Xelalkat bu benne ngir fàggu raafal xeet (ONU).

**www.holocaustremembrance.com**
Këru Webu Mboolem réew yi Fàttaliku Olokost bi, di kurélu mbooloo nguur bu sasoo gëstu ci Olokost bi, njàngaley nekkinam yi, ak wéyalu pàttaleem, dafay joxe xabaar yu bare te jàppandi ci anam yépp yu njàngalem Olokost bi. Am na ci itam ay xamal ci fànnay "Olokost bi ak yeneeni raafal xeet".

**www.ushmm.org**
Kêru Webu Mïise Fàttalikuwaayu Olokostu Etaasuniy Amerig am na xamle lu bare ci xabaaru Olokost bi. Mënloo na dugg bu yomb ci ay xamukaay yu lalu yu bare, rawatina ay foto ak ay kàrt yu aju ci Olokost bi. Dafay joxe itam ay xamley yu bare ci xabaari raafal-xeet yeek metital yu ëpp yi.

**www.yadvashem.org.il**
Di ndajalem xamukaay ci Olokost bi gën a mag ci àddina si, këru Webu Yad Vashem dafay mënloo dugg bu yomb ci ay ndajaleylimukaay, ci ay njàngale ci enternet ñeel liggéeykat yi, ci kàggu xamal buy càmbar turi way-loru ya, ak ci xabaari cosaan ak lci làkkyu bare.

**www.memorialdelashoah.org**
Fàttalikukaayu Sowa bi dafay mënloo dugg cijëlekaayi xabaar yu bare ci Olokost bi, ci frãse li ci ëpp. Dafa ëmb ag këru Web ngir njàngaani daara yu ndaw yi: www.grenierdesarah.org, ak beneen ngir jàngalekati daaray digg yi: www.enseigner-histoire-shoah.org.

**www.memorial-museums.net**
Kër gii dafay wonale ci enternet campeef yi sasoo Olokost bi, ci àddina sépp. Ñi ko sos ñooy waa Sosu Natt-bérébi Tiit bi, màkkaanam nekk Berlẽ (Almaañ).

**www.projetaladin.org**
Moo di këru Web bu Sémbu Aladin, jógalu aada bu ñu amal ak baayalu UNESCO, jëm ci xeex weddi beek bépp melini bañe xeet ak nangoodi, ci nag di faral waxante aada yi, rawatina diggante Jullit ñeekYawut yi. Ci làkki àngale, farañse, araab ak farsi.

**www.annefrank.org**
Kër Anne Frank kuréel bu beddeeku la bu sasoo denc béré bu kumpa ba Anne Frank dundee làqu ci ñaareelu Geeru àddina ba, te mu binde fa Surnaalam. Kuréel bi dafa bëgg a xamloo àddina sépp dundu Anne Frank, ngir xiirtale ci xalaate aayaayu mbañ-Yawut mi, bañe-xeet bi ak boddeente bi, ak itam ci soloy moom sa bopp, yemale yelleef yi ak nguuru mbokk-réew gi. Këru Web bi **www.annefrankguide.netyemb** na ci làkk ak tekki yu ñu nangu ci 22 réew.

**www.dornsife.usc.edu/vhi**
Campeefu Sosu USC Sowa ngir Gise Cosaan ak Njàngale (Ïniversite du Bëj-Siinu Californie) moo am yi gën a réy ci ndenci seedey ñu mucc ci Olokost bi ci àddinasi. Dafay joxe ay widewooy seede yu bare, ay tëralin ngir jàngalekat yi, ak itam ay am-am yu bare ci njàngale. Benn pàccam sasoo na itam seedey ñu rëcc ci ay waa Armeni, ay Turk ak waa Kambodj.

**www.ioe.ac.uk/holocaust**
Campeefu Njàngale yi Sàntaru Njàngale Olokost, mooy campeef bi jëkk a boole gëstu ci njàngale ak jàngu Olokost bi, ak sosu ay tëralin yu bees, ay jëfukaayak am-aminjàngale ngir daara ji.

**www.ctholocaust.co.za**
Campeefu AfrigBëg-Siin ci Olokost ak Raafal xeet, jógal la bu di benn rekk ci déndu Afrig, bu sasoo sos mbooloomu gën a jub fu ñu wormaale ak wege yelleefi nit ak wuute gi. Sàntar yi Campeef gi saytu dañu di ay bérébi fàttaliku juróom-benni milyoŋiYawut yi ñu rey ca Olokost ba, ak way-loru nasi yépp. Dañuy jàngale itam jeexitali njort yi, bañe xeet bi ak boddeente bi, te di wut a xamal aayaayu faaleedi bi, yoggooral beek cellaaral bi.

**www.instituteforthestudyofgenocide.org**
Campeefu Njàngalem Raafal-xeet kuréel la bu beddeeku bu dul wut alal bu ne ci kilifteefu Ïniversiteb New-York te sampu caJohn Jay College bu Àttey ñawtefu Ïniversiteb dëkku New-York. Këru Webam dafay joxe kàggu xamal bu yaatu ci raafal xeet yi, ñawtefu nguur yi, mbooloo yu ñuy ragalal yi, ak ay xamal ci Yoonu réew yi ak cosaanu raafal-xeet yi.

**www.genocidewatch.org**
Mbootaayu Wottu Raafal-xeet dafa sasoo jógloo réew yéppci fàggu raafal-xeet yi ak dakkal leen.

**www.hrw.org**
Mbootaayu Wottu Yelleefi nit dafay joxe ay xamal, ay settantal, ay mbindi tënk, ak itam ay am-am yu wuute ci ay mbir yu nekk yu aju ci yelleefi nit ci àddina si.

**www.facing.org**
Mbootaayu Jàkkaarlook Cosaan ak Sunu bopp dafay xeex bañe xeet bi, mbañ-Yawut mi ak njort yi te di xiirtale ci nguuru mbokk-réew ci àddina sépp, ci jëfey tëralini njàngale yu jëm rekk cosaanu Olokost bi ak yeneeni anami raafal xeet ak i metital mbooloo. Mbootay mi dafay amal ay ëttu liggéey, ay am-am, ndaje ak jumtukaayi jàng ci enternet ñeel jàngalekat yeek njàngaan yi.

**http://www.auschwitz.org.pl/**
Bérébu dajale ak faagaagal nasi almaa bu Auschwits-Birkenau bind nañ ko ci Limu ndonoy àddina bu UNESCO ci 1979. Këru Webu Miiseb Réew bu Auschwitz-Birkenau dafay mënloo jot ci ay xamukaayi cosaan yu jëm ci béréb boobu te di jox jàngalekat yeek njàngaan yi ay am-ami njàngale yu bare.

22eelu xarnu ak tàmbalinu 21eel bi màndargawoo nañu ay anami raafal-xeet ak metital yu ëpp te mësul woon am. Herero ya, waa Armeni ya, Olokost ak yeneeni ñawtefu nasi ya, ñawtefu Stalin ya, Kambodj, PenkuTimoor, Rwanda, Bozni-Erzegovin, Kosovo, Darfuur, Réewu Kongo, … te lim bi jeexul.

Ak ndimbalu UNESCO, mën nañu gën a jàpp sostali metitali mbooloo yi ak bu raafal-xeet bi. Gëstu Olokost bi mën na nu dimbali ci nas boobu, naka nuy xóotal settantalu mbir yu jaxasoo yiy yóbbu nguur yi ak ay ñenn at ci ay ñawtefal nit.

Olokost bi màndargaal na jàdd ci cosaanu nit ñi. Jéema xam li yóbbu ca raafal-xeetu Yawut ak yeneeni ñawtefi nguuru nasi ya, wéy na diam maanaa bu mag ci àddina tey jii.

Njàngu xabaaru àddina boobu mën na xiir njàngaan yi, ak lu ñu doon ak béréb bi ñuy dunde, ci xalaat bu baax ci sostali raafal-xeet bi ak ci wareefu jëmale kanam jàmm ji ak yelleefi nit ngir tee ay soxore yu mel noonu amati.

Téeresii dafay wone ci gàttal ni njàngale moomu mën a dimbalee dogalkati politig yi, jàngalekat yi ak njàngaan ci gën a xam mbiri raafal-xeet yi, te dafay wonale lu tax mu am solo lool ñuy wéy di jàngale Olokost bi ci jamonoy tey.

Kuréelu Mbootaayu Réew yi Jëm ci Njàngale mi Xam-xam bi ak Aada ji

**Wàllu njàngale mi**

www.unesco.org/education

ED-2014/WS/1